



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 2 septanm 2014

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA KAP EDE NAN BATAY KONT ESPÈS AKWATIK ANVAYISAN YO

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te siyen lejislasyon kap anpeche lansman bato nan Eta New York san yo pa pran prekosyon rezonab pou anpeche pwopagasyon espès akwatik anvayisan yo. Lwa a (A9619-B, S7851-B) avanse efò ki ankou ki antreprann pa òganizasyon prive ak eta pou sispann entwodiksyon ak pwopagasyon espès akwatik anvayisan nan dlo New York yo.

“Bote natirèl ki nan chak kwen New York pa gen parèy, e li se yon devwa pou nou fè tout sa nou kapab pou pwoteje sa kont danje espès envayisan yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Nou tout pataje yon responsabilite pou pwoteje anviwonman natirèl nou an, e lwa sa ap ede asire ke tou moun kap jwi dlo New York yo egalman ap pran responsabilite yo pou limite pwopagasyon diferan kalite lavi akwatik ki ta otreman nwi a ekosistèm lokal la.”

Lwa Gouvènè Cuomo te siyen jodia fè l vin responsabilite kanotye yo kap lanse bato pou yo itilize bon sans lè yap rantre ak soti bato yo. Anvan transpòtasyon oswa lansman, kanotye a ta dwe premyèman netwaye, drene epi seche bato a, trelè, ak nenpòt lòt ekipman ki ekspozè ki gen rapò a plant oswa bèt vizib, oswa te pran lòt mezi rezonab pou anpeche pwopagasyon espès akwatik anvayisan yo. Sa a pral ede anpeche pwopagasyon ant plan dlo a ak entwodiksyon espès anvayisan nan nouvo plan dlo toupatou nan New York.

Espès anvayisan yo se yon menas paske yo pa gen anpil predatè natirèl nan nouvo anviwonman yo e yo ka pote maladi ki danjere. Finalman, espès anvayisan yo ka siplante plant ak bèt natif natal yo epi chanje tout ekosistèm lan. Espès akwatik anvayisan yo se youn nan pi gwo menas pou vwa navigab presye eta paske depi yo fin antre, li preske enposib pou detwi e li koute chè pou jere l.

Daprè Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta New York, espès akwatik anvayisan yo seryezman menase endistri ekonomik enpòtan sa, tankou touris ak lapèch. Espès anvayisan yo koute ekonomi Etazini yon estimasyon de \$120 bilyon dola pa ane, e pandan eta ap mete sou pye diferan pwogram ki vize pou lite kont pwopagasyon espès akwatik anvayisan yo li pi rantab pou anpeche yo konplètman.

Senatè Tom O'Mara te deklare, “Kantye endividyèl yo se premye liy defans kont pwopagasyon espès envayisan yo, e nouvo inisyativ sa ofri yon apwòch senp ki mande tout kantye yo pou pran responsablite yo pou ede pwoteje vwa navigab yo, ekonomi rejyonal touris ak djòb lokal yo. Pran tout etap posib pou sispann pwopagasyon espès anvasyan destriktif anvan yo pran jarèt se apwòch ki pi rantab ak bon sans pou lite kont menas grav sa nan anviwonman ak ekonomi Finger Lakes ansanm avèk lòt vwa navigab yo nan tout eta.”

Manm asanble Barbara Lifton te deklare, “Mwen kontan anpil e mwen apresye lefèt ke Gouvènè a te siyen an lwa pwojè lwa enpòtan sa. Sa a se yon nouvo jou ki pote anpil pwomès nan batay nou kont espès akwatik anvasyan kap menase bon jan kalite resous dlo nou ak avantaj rekreyasyon ak ekonomik yo bay,”

Stuart F. Gruskin, Chèf Konsèvasyon ak Ofisye afè Ekstèn pou Konsèvasyon Lanati nan New York, te deklare, “Konsèvasyon Lanati [Nature Conservancy] aplodi Gouvènè Cuomo dèske li siyen lwa enpòtan sa, ki pral redwi pwopagasyon espès akwatik anvasyan ki nwi imen, sante ekonomik ak anviwonman. Chak ane, espès anvasyan koute kominote nou yo plizyè milyon dola. Lè nou pran mezi senp ak bon sans pou netwaye, drene epi seche bato nou yo nou ka redwi pwopagasyon espès nwizib sa yo epi pwoteje lapèch nou, touris ansanm avèk lòt endistri yo ki depannde dlo. Nou apresye angajman Gouvènè Cuomo pou anpeche pwopagasyon espès anvasyan yo e anmenmtan aplodi pwomotè lwa Senatè Thomas O'Mara ak manm asanble Barbara Lifton pou lidèchip yo sou kesyon sa nan lejislati a.”

Lwa Gouvènè Cuomo siyen jodia konplete yon apwòch global pa ajans eta yo pou konbat pwopagasyon espès kap anvayi nan dlo New York yo. Depatman Konsèvasyon Anviwonman pandan ete sa te adopte règleman ki menm jan a lwa sa a ki entèdi bato yo pou lanse oswa kite sit aksè dlo nan tè Depatman Konsèvasyon Anviwonman san yo pa pran anvan prekosyon sa yo. Biwo Park, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik pandan ete sa te pibliye règleman ki adopte yo ki ta enpoze menm règleman yo sou bato kap itilize Park Eta yo. Plizyè minisipalite lokal ak òganizasyon nan eta te deja adopte lwa lokal pou reponn a pwopagasyon espès anvasyan yo, sa ki gen ladan enspeksyon bato ak egzijans pou lave bato yo. Nan ane 2014, Eta te adopte premye pwogram obligatwa enspeksyon espès envayisan nan tout lasman bato nan Lake George.

Eta New York te investi plizyè milyon dola an repons a pwogram pou diminye ak prevni pou debarase anviwonman avèk espès yo kap anvayi nan dlo ak tè. Nan mwa Jiyè, Gouvènè Cuomo te anonse tout premye [semèn sansibilizasyon Eta sou Espès Anvasyan yo](#) pou aprann Nouyòkè ansanm avèk vizitè yo sou menas ke parazit sa yo poze nan anviwonman nou an. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou efò Eta pou kontwole ak debarase anviwonman de espès anvasyan yo [la](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE